

Jesyon Apèl Endezirab

Dekouvri kijan pou jere apèl endezirab yo.

1. Kisa Apèl Endezirab Yo Ye?

Apèl endezirab yo se yon deranjman k ap ogmante epi se yon pwoblèm ki afekte plizyè milyon ameriken. Gen diferan ajans k ap chèche kontwole epi sispann tip apèl sa yo.

Apèl endezirab yo ka pran diferan fòm men yo ka gen bagay sa yo ladan yo:

- Anak
- Demachè
- Nimewo yo volè
- Apèl otomatize

Anjeneral, ou ka konsidere nenpòt apèl ke w pa vle oswa ke w pa solisite tankou yon apèl endezirab!

2. Ki Kèk Siy Apèl Endezirab Ki Genyen?

Men kèk diferan siy apèl endezirab ki genyen. Lè w konnen kisa pou chèche sa ka ede w pi byen idantifye epi evite apèl endezirab yo:

- Apèl nimewo ou pa konnen
- Apèl ki idantifye kòm endezirab. Plizyè sèvis telefoni mobil ap amelyore tèt yo pou yo idantifye apèl endezirab oswa apèl antran yo sispèk ki endezirab yo, kidonk ou ka evite apèl la
- Apèl otomatize oswa apèl ki anrejistre
- Apèl ki mande pou reponn wi oswa non ak kesyon yo poze w oswa pou peze chif pou ale nan yon meni

NYC Digital Safety

Privacy & Security

- Apèl ki pwopoze òf oswa ki fè menas ki sispèk. Souvan, apèl anak yo santre sou lajan ou swadizan dwe, kòm egzanp
- Apèl k ap ba w presyon pou revele enfòmasyon pèsònèl ou

3. Kijan Ou Ka Jere Apèl Endezirab Yo?

Men kèk ti konsèy ak estrateji ou ka itilize pou jere apèl endezirab:

- Pa janm patisipe nan yon apèl endezirab
 - Pa bay okenn enfòmasyon pèsònèl ni eseye pale ak yon moun sou apèl la
- Jis rakwoche si w tonbe sou yon apèl endezirab. Pa enkyete w si w malelve!
- Eseye evite reponn apèl nimewo ou pa konnen oswa jis kite apèl la ale nan bwat vokal ou
- Fè atansyon ak kote ou bay nimewo telefòn ou sou entènèt
- Itilize paramèt sou telefòn ou pou bloke apèl endezirab yo oswa pou rapòte yo
 - Chèche opsyon nan men sèvis telefoni mobil yo oswa nan tip telefòn selilè w la
 - Men yon egzanp ki soti nan AT&T: <https://www.att.com/help/robocalling/>
- Ankete sou mesaj vokal sispèk yo
 - Si sa posib, chèche nimewo telefòn oswa kontni bwat vokal la sou entènèt pou wè si tout bon vre se yon anak yo rekonèt
- Enskri nan Lis Pa Rele a (<https://www.donotcall.gov/>) pou anpeche demachè kontakte w

NYC Digital Safety

Privacy & Security

4. Plan aksyon w lan

Ki kalite apèl endezirab ou gen tandans resevwa? Ekri obsèvasyon w yo la a:

Ki kèk etap ou ka swiv pou pi byen jere apèl endezirab ou yo? Fè lis eleman aksyon w yo la a: